
Tostan
Dignité pour Tous


# Kóllëreg Nit ak Garab




1 Amoon na fi, ca ndoortel jamano, kenn nit ak genn garab. Ñu daan ànd guddi ak bëccëg. Garab nak, ku bëggoon xaritam lawoon.




2 Fu mu tollu, da ko daan ji teraanga ju mat sëkk. Maanaam, di ko aar ci naaj wu tàng wi ak ngelaw lu metti li.



3 Waaye nak, ci at yu néew rekk, màggaayu garab dem ba jaaxal nit. Mu ne. « Waaw, kii di jëm kow nii rekk ! Mbaa du lu bon la may fexeel ? »



4 Noonu, mu wor garab, dem nak wuti ku ko jox xalaat ci mbir moomule. Ci yoonam, mu gis safara suy lakk matt.




5 Mu wax safara xalaatam. Safara nettali nit, lu gëna bon jëmale ko ci garab ngir bëgg a tàggale ñaari àndandoo yooyu, ne ko : « Garab workat la. Garab ak ni mu gaaw a màgge noonu, bëggul lu dul su matee rekk, alag la. »



6 « Déglul bu baax li ma lay wax. Yow, gannaaw amuloo sama kàttan, dama lay jox jaasi jii. Boo demee, nga gor ko, te boo noppee, nga may ma matt ma ! »




7 Ba mu ko defee, nit ñëw rekk ak jaaséem ju ñaw, song garab, dagg tànk ya ak loxo ya.




Garab jaaxle, daldi saxi reen nak, taxaw ni jonn di ko xool, ba yàgg, mu ne ko : « Yow de nit, sama xarit nga woon démb tey sooga ñëw. Lii nag, metti na ma lool, waaye duma la ko jàppe ndax wóor na ma ni samab noon rekk nga taseel. Man nag, duma tàggoo mukk ak di la teral. Waaye nag, na nga xam ne foo ma soxlaatee, yaa may fekksi ndax man kat, mënatumaa dox. »



24/08/2021 12:42



9 AAA ! Saa waay nit itam xam ni def na lu ëpp, mu tàmbali nak di réccu jëfam. Ngir baña tàqalikook xaritam, mu faf samp kër ca wetam ak car ya mu goroon.



10 Ba ñu nekkaatee nak, ba mu yàgg, mu am lu xew. Garab tàmbali di meññ ay doom ngir dundal ni akug njabootam.



11 Ba mu jógee foofa nit gën a ràññee nak njariñal garab. Tax fu mu dëkk, jëmbët fay garab te di leen toppatoo ngir wormaal leen.

This work is licensed under a Creative Commons Attribution Non-Commercial No Derivatives (CC BY-NC-ND) License.